Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 44 (7445)
12 ноябрь
2020 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## КIвар бугел суалалгун



9 ноябралда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул кабинета лъуб букIана райадминистрациялъул отделазул нухмалъулел гIахьал гьабураб хIалтIулаб совещание. Гьеб бачана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас.

ГIадат хIисабалда бищун цебе борхана ракьал тIад хъваялъул ва налогал ракIариялъул суалал. КватIичIого республикаялъул налогазул форум букIин хIисабалдеги босун бетIерас хасаб кIвар буссинабуна гьеб суалалде. «Дида лъала нуж гьоркьоса къотIичIого гьеб суалалда тIад хIалтIулел рукIин, кин бугониги нилъ жеги рикIкIад руго цIакъго лъикIал хIасилаздаса»,-ян бихьизабуна бетIерас. Администрациялъул экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуевас бицана цо-цо росабалъ налогал ракIариялъул план I00 % тIубан бугин, амма цо-цо цогидал росаби дагьалъ нахъа хутIун ругин. «Гьедин буголъиялъул налогал ракIариялъул план I00 % тIубан буго Балахьуни ва ХъахIабросо росабалъ. Актуализациялда хурхун абулеб бугони, дуда лъала, нилъеца тIобитIана совещание гьелда хурхун, гIахьал гьарун рукIана росабазул бутIрул, гьабуна гьезда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи. Гьелда сверухъ гьабулеб хIалтIи гьоркьоб къотIун гьечIо. Буго гьелда хурхун цебе туркIиги. Гьедин капиталиял бакIал раялъул цебе лъураб план тIубан буго 38 %, ракьул участкабазул 20 %. Гьел квешал хIасилал кколаро, ккола къокъаб заманалда ва гIет1 тIун хIалтIиялъул хIасил. Неформалияб занятосталъул абулеб бугони, гьелъул план 9I,8 % тIубан буго»,-ян бихьизабуна гьес.

Районалъул бетIерас лъикIаб къимат кьуна экономикияб отделалъ гьабураб хIалтIуе. «Унсоколо район цо команда, цо хъизан ккола»,-ян абуна ГI. МухIамадовичас. Жакъа нужеца цоги нухалъ ритIухъ гьабуна командагун цадахъ хIалтIиялъ хIасилал лъикIал кьолеблъи».

Рорхана цогидал суалалги. Мусоралда хурхун районалда бугеб ахIвал-хIалалъул бицана маг1ишатиябгун-коммуналияб МКУялъул нач. А. ГIабдулхаликъовас. -Чанго нухалъ дандчIвана батIи-батIиял объектазул бетIергьабигун, гара-чIвари гьабуна объектал ралаго архитектураялъул нормаби цIунизе ккеялъул. Гьединго гьес тIадчIей гьабуна кибго мусор бакIарулеб букIиналда, мусор базе урнаби гьечIел бакIазда гьел лъолел ругинги бицана гьес.

РайоналъулбетIерасбаркалазагьиргьабуна гьабураб хIалтIухъ ва щварал хIасилазда гIей гьабун чIезе бегьуларинги бихьизабуна совещаниялда гIахьаллъаразда. Гьенибго жавабиязе кьуна тIадкъаялги.

## Полициялъулазул Къогун



ХIурматиял полициялъул хIалтIухъа би, жанисел ишазул органазул ветеранал!

Полиция ва гьелъул щибаб къойилаб хъулухъ ккола гIадлу-низамалъул ва обществалда ахIвал-хIал рукIалида чIезабиялъул, халкъалъул законалде божилъи бачIинабиялъул аслияб къуват. Гьелъ кьола метерисеб къоялде божилъи. Полициялъуласул бажари бугеб махщел абуни гIемерал саназ хутIула кIвар бугеблъун.

Нужер буго хIинкъи бугеб хIалтIи, амма гьелъул цIикIкIараб кIвар буго щивасе. РакI-ракIалъ баркула Нужеда Нужер тIадегIанаб махщалил праздник! Гьаризе бокьун буго щивасе чорхолъ ритIи, битIккей, дандебилъин, сабру, гъира-цIа.

Биччанте нужер щибаб къо цIиял бергьенлъабаз, битIккеялъ цIураб букIине! Биччай нилъер улка нужедаса чIухIизе! РукIа талихIаллъун, кинабго рахъалъ иш бажарараллъун!

**ХIурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, райадминистрациялъул коллектив, районалъул депутатазул Собрание, ЖамгIияб палата.**

Данделъаби

## Аппараталъулаб данделъи



Гьал къоязда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана аппараталъулаб совещание. Гьенир рорхана гIемерал кIвар бугел суалал: эпидемиялъул бугеб ахIвал-хIал, налогал ракIари, бакIал рай ва гIемерал цогидалги.

Районалъул бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъовас баян кьуна гьабсагIаталда бакIарулел налогазул къадар 80,3 проценталде бахунилан. Дагьа макъабго нахъеккей буго ракьул, буголъиялъул, транспортазул налогал ракIариялда. Неформалияб гуреб занятосталда налогал ракIариялъул план тIубана,-ян бихьизабуна хадубги гьес.

Хадуб борхана суал лъай кьеялъул учреждениязда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул. Районалъул лъай кьеялъул отделалъул начальник Къ-М. ХIасановасул рагIабазда рекъон районалъул школазда ва ясли-ахазда Роспотребнадзоралъул киналго тIалабал тIуразарулел руго. Маскаби, дезинфекциялъе кинабго къваригIунебщинаб буго,-ян абуна гьес.

ГI. НурмухIамадовас кIвар кьун бихьизабуна лъималазул тIалаб ва хIинкъи гьечIолъи букIине кколин тIоцебесеб бакIалда,-абун.

Гьединго совещаниялда гьоркьоб лъуна цIа ккеялдаса цIуниялъул, нухал гьариялъул, районалъул территориялда федералияв программаби гIумроялде рахъинариялъул, СМИязул ва гIемерал цогидалги суалал.

Совещаниялъул ахиралда иш тIаде кколел нухмалъулезе кьуна тIадкъаял ва рихьизарияв

## Неформалияб занятосталда хурхун

Гьал къоязда районалъул администрациялъул конференц-залалда тIобитIана неформалияб занятость гIодобе ккезабиялде буссараб хIалтIулаб группаялъул совещание.

Гьенир аслиял суалаллъун рукIана: халкъалъул самозанятность, налогазул база гIатIид гьаби, халкъалъул неформалияб занятость гIодобе ккезаби мурадалда батIи-батIиял хъулухъаз цадахъ рекъон хIалтIи бачин ва цогидабги. Гьенир гIахьаллъараз гIемерал предложениял кьуна гьел суалазда хурхун хIалтIи цебетIеялъул мурадалда.

РакIалде щвезабилин; хIалтIулаб группаялде гъорлъе уна районалъул администрациялъул, пенсионияб фондалъул, налогазул хъулухъалъул, приставазул вакилзаби.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 44 (7445)
Хамиз
12 ноябрь 2020 сон



**Дагъал церегIан къоязда Дагъистаналъул ва Чачаназул тIоцевесев имам ГъазимухIамадил зияраталда субботник тIобитIана. Гьеб гIуцIун букIана Россиялъул ОМВДялъул Унсоколо районалда бугеб отделалъ. Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналъул муфтияталъул вакилзаби ва районалъул гIадамал**



# Росдал магIишаталъул хIалтIабазул хал гьабуна



Гьал къоязда росдал магIишаталъул отделазул бетIерал специалистал Н. ГIабдулаев ва М. МуртазагIалиев, райадминистрациялъул экономикиял суалазул рахъалъ районалъул бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъовгун щвана Хасавюрт районалда бугеб гъутаналъулал магIишатазде. Гьезул сапаралъул аслияб мурад букIана хаслихъе рекьизе ругел хьоназул, боцIуда хасел тIамизе гьениб гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул халгьаби.

Гьединго администрациялъул вакилзаби ралагьана М. Горькил цIаралда бугеб МУПалда араб соналда кигIанго бачIин лъикIаб букIинчIониги цIидасан гьаб соналдаги гьеб бекьиялъухъ. Араб соналда 30 гектаралдаса гьениб бакIарана 40-45 % пулав. «ГьаракIуна» совхозалъул МУПалдаги унел руго хаслихъе рекьи гьаби. Совхозалъул директор МахIач Жангишиевас бицухъе 2020-202I магIишатияб соналда рекьи гьабизе буго I00 гектаралда. Гьениб бекьизе буго ролъ.

ГIи-боцIуда хасел тIамизабиялъул рахъалъ хIадурлъи лъикIаб буго,-ян абуна гьес. БоцIуца хасел тIамулел бакIал хинго чIезариялъе хIалтIаби гьарун руго, босизе ккола кормаги.

Бихьизабизин, гъутабазда боцIуда хасел тIамизабиялъе гьарулел хIадурлъиялъул хIалтIабазул халгьаби жеги унеб буго.

## Информациялъулаб хIалтIул суалгун



Дагьал церегIан къоязда букIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулги Гъуниб районалъул администрациялъул пресс-секретарь ПатIимат Нажмудиновалъулги дандчIвай. Гьенир дандрана районалда информационнияб хъулухъ цебетIеялъул суалал, бицана хIалтIи гIуцIун бугеб куцалъул ва цогидалги рахъазул.

Гьединго П. Нажмудиновалъ гара-чIвари гьабуна «Единая информационная служба» МБУялъул хIалтIухъабазулгун. Гьелъул нухмалъулев М-ХI. ГъазимухIамадовас бицана хIалтIи гIуцIун бугеб куцалъул, сайталъул хIалтIул ва гь. ц.

# ГIолел лъималазул тIалабалда



Араб анкьалда саназде рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъул секретарь Ш. КъурбанагIалиев, Россиялъул Унсоколо районалда бугеб ОМВДялъул инспекторгун ва районалъул ЦЗНалъул вед. специалист Р. МухIа-мадгIалиевгун цадахъ Гениб гьоркьохъеб школалда ва Заманаялъул поселокалъул школалда букIана санагIат гьечIел хъизаназда гIурал лъималазулгун дандчIвай. Лъималазул гIумроялъул букIана I4-I8 сон. ЦIалдохъабазе цIалудаса эркенаб заманалда хIалтIизе рес кьеялъул суал букIана гьеб дандчIваялда аслияблъун.

ДандчIваялъул заманаялда гара-чIвариял гьаруна 8 саназде рахинчIел лъималазулгун. «ЗахIматаб лъимер» категориялде гьоркьоре кколел, гIумроялъул I4-I6 санал ругел гIолилазе хIалтIизе рес кьезе планалде босана гьенибго, гьединго хIисабалде босана гIинтIи ва гъацIи бакIариялъул хIалтIи кьезе жеги I0 соналде рахинчIел лъималазухъеги.

# Прививкабазул компания – 2020



2020 соналъул прививкабазул компаниялъул рамкаялда жаниб районалъул ЦРБялъул хIалтIухъаби щвана районалъул учреждениялгун организациязде. Гьениб гьабуна хIалтIухъабазе вакцинация.

Медикал щвана районалъул администрциялдеги ва тIоцебе гриппалде данде чIолеб вакцинация гьабуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьединго вакцинация гьабуна финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудиновас ва лъай кьеялъул отделалъул нач. Къ-М. ХIасановасги.

Районалъул медиказ лъазабулеб бук1ахъе грипп – хIинкъи цIикIкIараб унти буго. Гриппалде данде чIолеб привикаялъ цIунуларо вирусаздаса, амма нахъчIвала хадубккун унти тIибитIи,-ян абуна врачаз

# РЕШЕНИЕ
## О досрочном избрании главы МО «пос. Шамилькала»

**В соответствии со статьей 36 Федерального закона, от 03 октября 2003 года №13-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», и на основании статьи 31 Устава МО «пос. Шамилькала» и Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы МО «пос. Шамилькала», утвержденного решением Собрания депутатов МО «пос. Шамилькала» от 21.09.2020 г. №5, решением конкурсной комиссии о представлении двух кандидатур на рассмотрение Собранию депутатов МО «пос. Шамилькала» от 26 октября 2020 г., Собрание депутатов МО «пос. Шамилькала»,**

**РЕШИЛО:**

1.Утвердить результаты открытого голосования по избранию главы муниципального образования «поселок Шамилькала».

2 Избрать главой муниципального образования «поселок Шамилькала» Гаджиева Малагусена Магомаевича сроком на 5 (пять) лет в соответствии частью 2 статьи 31 Устава МО «пос. Шамилькала».

3 Избранному главе муниципального образования «поселок Шамилькала» Гаджиеву Малагусену Магомаевичу вступить в должность согласно Уставу МО «поселок Шамилькала».

4 Настоящее решение вступает в силу с момента подписания, и подлежит опубликованию в районной газете «Садовод».

**Председатель собрания депутатов городского поселения МО «п. Шамилькала» Загидов Г.М.**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 44 (7445)
Хамиз
12 ноябрь 2020 сон



**Садовод**

Страница в номере




# Россия в цифрах: как меняется страна и статистика

«Объединим мир при помощи данных, которым мы можем доверять» — девиз третьего Всемирного дня статистики, который отмечают раз в пять лет. Каким данным могут доверять россияне? Как изменилась страна за последние годы? Почему именно перепись проверит готовность Росстата к вызовам нового времени?

Обеспечить доверие статистике сегодня могут максимально полные, точные и актуальные данные, — уверен руководитель Росстата Павел Малков: «Мы всегда должны быть точны, оперативны и беспристрастны. В этом и заключается главная роль официальной статистики — обеспечивать эталонное качество данных. Сегодня статистика – это барометр, который показывает как развивается страна и общество, позволяет выявить проблемы и определить точки роста. При этом мир меняется, и перед нами встают новые вызовы: другие скорости, иные источники данных, новые показатели. Статистические службы всего мира сейчас активно развиваются: предлагают более удобные сервисы, внедряют новые технологии, стремятся стать оперативнее и аналитичнее».

За последнее десятилетие Россия серьезно изменилась технологически — цифровизация начала заполнять все сферы жизни. Еще в 2010 году около 60% населения использовало интернет, менее 15% — заказывало товары и услуги онлайн и немногим меньше 10% получало госуслуги в электронном виде. Теперь уже 8 из 10 граждан страны активно используют интернет в повседневной жизни, каждый третий заказывает товары в онлайн-магазинах и маркетплейсах, а каждый второй пользуется цифровыми сервисами для получения госуслуг.

Другой пример — цифровизация домашних хозяйств. Еще в начале текущего десятилетия менее 50% российских домохозяйств пользовались интернетом. Еще меньше имели широкополосный доступ в глобальную сеть. К 2020 году уже 76,9% домохозяйств были подключены к сети, 73,6% имеют высокоскоростное широкополосное интернет-соединение.

Технологическое развитие достигло такого уровня, что сегодня число персональных компьютеров в стране уже превышает число жителей. Так в период с 2010 по 2020 год их количество на 100 человек населения возросло с 63 до 125 единиц.

Серьезные изменения происходят в сфере статистики, где все больше применяются новые цифровые технологии. Для совершенствования системы получения и использования данных в прошлом году Росстат представил Стратегию развития ведомства на ближайшие годы. Ведомство модернизируется в соответствии с этой стратегией. Происходит цифровая трансформация. Запущен новый портал Росстата, совместно с ведомствами (ФНС, ПФР) готовятся дорожные карты по использованию административных данных. Вводятся в опытную эксплуатацию основные компоненты Цифровой аналитической платформы (ЦАР) предоставления статистических данных. Это — единое хранилище первичных статданных, реестр форм статистического наблюдения и статистических показателей, инструмент автоматизированного формирования и ведения федерального плана статистических работ.

В июне 2020 года на сайте ООН был опубликован первый Добровольный национальный обзор достижения Россией целей устойчивого развития (ЦУР) и реализации повестки в области устойчивого развития на период до 2030 года. Обзор отражает достижения нашей страны по всем 17 ЦУРам. Он содержит результаты комплексного мониторинга социально-экономического развития и системы стратегического планирования за период с 2015 года. Росстат принял участие в подготовке каждой из 17 глав обзора, а также статистического приложения к нему.

Насколько готова отечественная статистика к вызовам времени и максимальному применению новых технологий в полной мере покажет следующий год, когда Росстат проведет первую в истории страны цифровую Всероссийскую перепись населения, где будут задействованы 360 тысяч электронных планшетов, цифровые переписные листы, BI-платформа и технологии больших данных.

«Развитие российской статистики в последнее десятилетие в полной мере соответствует лозунгу третьего Всемирного дня статистики: государство и общество получают актуальную, надежную и соответствующую международным стандартам информацию обо всех сферах экономической и социальной жизни страны и её отдельных территорий. В том числе и в результате развития совершенно новых областей статистики и новых статистических технологий. Наиболее полную и точную информацию о составе населения и структуре домохозяйств совсем скоро нам позволит получить предстоящая цифровая перепись», — отмечает Елена Егорова, заведующая научной лабораторией «Количественные методы исследования регионального развития» РЭУ им. Г.В. Плеханова.

Всемирный день статистики учредила в 2010 году Генассамблея ООН. Отмечают его каждые 5 лет во всех странах-членах организации.

Всероссийская перепись населения пройдет с 1 по 30 апреля 2021 года с применением цифровых технологий. Главным нововведением предстоящей переписи станет возможность самостоятельного заполнения жителями России электронного переписного листа на портале Госуслуг (Gosuslugi.ru). При обходе жилых помещений переписчики будут использовать планшеты со специальным программным обеспечением. Также переписаться можно будет на переписных участках, в том числе в помещениях многофункциональных центров оказания государственных и муниципальных услуг «Мои документы».

# Меры пожарной безопасности при использовании отопительных систем и приборов

С наступлением холодной погоды возрастает количество пожаров в жилых домах. Всем жителям г. Буйнакск, Буйнакского и Унцукульского районов, имеющих и использующих для обогрева помещений печи на твердом топливе, электробытовые приборы, газовые печи необходимо задуматься о своей безопасности.

Самые распространенные причины пожаров в зимний период – нарушение правил эксплуатации электрооборудования и электронагревательных приборов и устройств, использование неисправных печей на твердом топливе, несоблюдение правил пользования газовыми приборами.

**ПАМЯТКА по правилам эксплуатации печного отопления**

Перед началом отопительного сезона печи и их дымоходы должны быть тщательно проверены, очищены от сажи и отремонтированы.

Не применяйте открытый огонь для отогревания замерзших труб отопления и водоснабжения, а также в чердачном и подвальном помещениях.

Не позволяйте малолетним детям самостоятельный розжиг печей.

На сгораемом полу напротив топливника печи имейте прибитый металлический лист размером 50х70 см, который должен быть свободным от дров и других горючих материалов.

Не располагайте близко к печи мебель, ковры т.п

Не применяйте легковоспламеняющиеся и горючие жидкости для розжига печи.

При устройстве или ремонте отопительных печей допускайте к работе лиц имеющих соответствующее квалификационное удостоверение.

**ПАМЯТКА по правилам эксплуатации отопительных электробытовых приборов**

Электропроводку и электрооборудование в квартирах и хозяйственных постройках содержите в исправном состоянии.

Монтаж и ремонт электропроводки и электроприборов производите только с помощью квалифицированных специалистов. Для защиты электросетей от короткого замыкания и перегрузок применяйте предохранители только заводского изготовления.

Электроприборы включайте в электросеть только при помощи штепсельных соединений заводского изготовления.

Электроутюги, электроплитки, электрочайники и другие электронагревательные приборы устанавливайте на несгораемые подставки и размещайте их подальше от мебели, ковров, штор и других сгораемых материалов.

В случае нагревания электророзетки, электровилки, искрения или короткого замыкания электропроводки или электроприборов немедленно отключите их и организуйте ремонт с помощью специалиста.

Не применяйте для обогрева помещений самодельные электрообогреватели.

Не закрывайте электрические лампы люстр, бра, настольных электроламп и других светильников бумагой, тканями и другими сгораемыми материалами.

Не сушите одежду и другие сгораемые материалы над электронагревательными приборами.

Не оставляйте без присмотра включенные в электросеть электрические приборы.

Не допускайте эксплуатацию электропроводки с поврежденной или ветхой изоляцией.

**ПАМЯТКА по правилам эксплуатации газовых приборов**

Соблюдайте последовательность включения газовых приборов: сначала зажгите спичку, а затем откройте подачу газа. Если подача газа прекратилась, немедленно закройте перекрывной кран у горелки и запасной на газопроводе.

При появлении запаха газа в помещении надо немедленно погасить топящуюся печь, закрыть общий кран на газопроводе и проветрить помещение. О каждой неисправности газовой сети или приборов необходимо немедленно сообщить в газовую службу.

Перед эксплуатацией газовой печи и баллона пройдите инструктаж по технике безопасности у специалистов, получите документ на право эксплуатации газовых приборов.

Не допускайте к газовым приборам детей и лиц, не знающих правил обращения с этими приборами.

Не храните газовые баллоны в гаражах, в квартирах, на балконах.

Заправляйте газовые баллоны только в специализированных пунктах.

Самостоятельно не подключайте и не отключайте газовые плиты в квартирах.

Не используйте газовые плиты для обогрева квартиры.

Уходя из дома, не забудьте выключить газовую плиту и перекрыть вентиль на баллоне.

При утечке газа не зажигайте спичек, не курите, не включайте и не выключайте свет и электроприборы.

Регулярно чистите горелки, так как их засоренность может стать причиной беды.

При появлении запаха газа немедленно выключите газовую плиту, перекройте кран подачи газа, проветрите помещение и вызовите работников газовой службы по телефону «04».

**ПОМНИТЕ!**
**СОБЛЮДЕНИЕ МЕР ПОЖАРНОЙ БЕЗОПАСНОСТИ – ЭТО ЗАЛОГ ВАШЕГО БЛАГОПОЛУЧИЯ, СОХРАННОСТИ ВАШЕЙ СОБСТВЕННОЙ ЖИЗНИ И ЖИЗНИ ВАШИХ БЛИЗКИХ!**

Нужее баяналъе

# ЧIорогоял дарабигун цо-цо бигьалъаби

* 20I9 соналъул I январалдаса 2022 соналъул 3I декабралде лъабабилеб ва хадусеб лъимер гьабурал хъизамазе пачалихъалъ кьола ипотека бецIизелъун 450 азарго гъурущ гIарац.

* Лъабго сон базегIн ригьалда ругел ва гIемерлъималазулал хъизамаздаса 6 сон базегIан лъималазе дараби чIорого кьезе ккола.

Дарабазул сияхI тасдикъ гьабула щибаб санайил поликлиникаялъул педиатрас хъвараб рецепталда рекъон, гьеб сияхIалдаса дараби кьола хIукуматалъул аптекабаздаса.

* Пенсионераз кьезе кколаро мал-мулкалъул (имущественнияб) налог. Бигьалъи тIибитIула щибаб тайпаялъул цо-цо объекталде. Мисалалъе: цо квартираялде, цо минаялде, цо гаражалде цадахъго. Гьеб льгота щвезе ккани ине ккола налоговияб инспекциялде.

* I сентябралдаса байбихьул классалъулаб нухмалъиялъухъ учительзабазе щибаб моцIрое тIаде кьезе буго щуазарго гъурущ.

# Бергьаразе шапакъатал кьуна



9 ноябралда районалъул администрациялда букIана «Моё лето – 2020» конкурсалда бергьарал цIалдохъабазе шапакъатал кьеялде бусараб тадбир. Гьеб тадбир районалда лъазабун букIана Унсоколо районалъул МОялъ.

Конкурсалда бергьана Унсоколо № 2 гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Аминат МухIамадова (I0 класс) ва Марям Пайзудинова (6 класс). Ясаз хъван букIана жидецаго риидалил каникулал регIараб куцалъул, эпидемиялъул заманаялъ унтудаса цIуниялъе гьабуралъул, гьез унго-унгояб ва ракI-ракIалъулаб къимат кьун бугоан школалъе ва оффлайн дарсазе.

Бергьаразе кьуна ХIурматалъул Гра-мотаби ва гIарцулал сайгъатал. Тадбиралда гIахьаллъана бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадов, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов, финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудинов, цогояб информационнияб хъулухъалъул вакилзабиги.

РакI-ракIалъ баркула ясазда конкурсалда бергьин. Гьарула хадурккунги бергьенлъаби!

Сахлъиялъул рецептал

# Иммунитет щула гьабиялъе - бальзам

Рак унтудаса сах гьарун хадуб организм рукIалиде ккезабиялъе хIадурила гьадинаб бальзам. Гьелъ кумек гьабула кистаби лъугьараб гIадаб къвакIун чIарал бакIал инаризе, гьединго щула гьабула иммунитет.

БатIа-батIаго хIадуре чистотелалъул, мичIчIил, къоркъол тIанхил, календулаялъул лъинал (цо кIудияб гъуд лъел цо стакан гьалараб лъелгун). Риидал гьелъие хIалтIизабизе бегьула цIияб хер,хасало – бакъвазабураб). ЦIуй щибаб лъим I00 мл. грамм чистотельгун жубазабе 250 млг. мичIчIил, къоркъотIамхил ва календулаялъул бахъараб лъимгун, тIаде жубай I50 млг алоэялъул ва колонхоэ сокал. Лъугьараб жуба-гъубараб жоялъулъ жубазабе цо кг. гьоцIо, 200 мг спирталъул. Кинабго тIе 3 литр унеб банкаялъубе, зама-заманалдасан жубазабе. Хадуб кинабго цIуй.

Гьединаб бальзам гьекъе 3 нухалъ къойида жаниб, цого заманаялъ, кваналалде 30 минуталъ цебе. ТIоцебе гьеб гьекъараб сордо-къоялдаса хадуб ахиралда гьекъон I5 минут ун хадуб гьекъе рукъалъул гIанкIуялъул белъинабичIеб хоно.

АнцIго къойидасан гьабе 3 къоялъул перерыв. Хадубги курс такрар гьабе, гьедин гьабе дару лъугIизегIан. Дару гьабизе лъикIаб буго ихдал яги хасалихъе.

Гьединаб дару данде кколаро ракI, тIул, ургьисалаби, ццидал кьвачIа унтаразе, цистит, эпилепсия, психическиял унтаби, бронхазул астма, хроническиял запорал, жанисеб би чвахxи бугезе.

СШАялъул политика

# Гьанжесеб ретIел - Россиялъе гъураб къор

ТIад ретIараб ретIелалъ жиндаго тIаде босула кIудияб идеологияб роцен. Щибго гьабичIого таниги ретIел ретIинчIого нилъ тIубаларо.

Нилъеца кинаб ретIел тIаса бищаниги тIоцебесеб иргаялда гьелъ бихьизабула нилъер культура букIин ва жанисеб хIал. 99 % Россиялъ, ай нилъеца ре-тIунеб ретIел, хасго футболкаби руго тIад Американалъул хъвай-хъвагIай бугел. Гьеб буго англосанксонскияб дунялалъул реклама; чIванкъотIараб жидерго культура тIибитIизаби, амма щивниги гьелде ургъулев гьечIо.

РетIел-хьитги буго идеологияб компонент, СШАялъул экс-пансияб элемент. Американлъ цIияб улка бахъулаго гьеб бакIалда т1ад асар гьабула Голливудалдалъун, кверде босула СМИ ва ретIел-тIехалъул базар. Гьениб байбихьула жидерго правилаби рилъанхъизаризе ва гIадамаз гIарабазцин хисизабула тIад ретIунеб миллияб ретIел, гьел хисула джинсазухъ ва тIад хъвай-хъвагIай бугел футболкабазухъ.

РетIел хисани лъугьуна батIайиса пикру гьабизе, батIайиса хьвадизе, хисула хьвада-чIвади, кинабго рахъалъ гьеб рикIкIуна модалъун, мун лъугьуна батIиявлъун.

ГьабсагIаталда дунялалъулго гIадамаз гIемерисеб мехалда ретIунеб бугеб западалъул ретIелалъул руго хасал гIа-ламатал. ЧIванкъотIун абуни хабар буго западалъул заказалда рекъон Китаялъ гьабураб ратIлил. КъагIида хIисабалда гьеб буго логода кисанго цIа-ц1ан бачIунеб, рагъа-рачаризе цIакъ санагIат гьечIеб. Шура-хъуриялъе ккун чIезарулеб, гьорлъ буго гIемераб эластика. Гьединаб ретIел къватIибе биччан буго гIадамазе гIумро гьабизе бигьалъиялъе гуреб, гьев ккун чIезавиялъе, дандекъаялъе, рамкаялъув чIезавиялъе. Гьеб ретIел буго санагIат гьечIеб гуребги живго аморалияб, мода хIалае ккун, гIадамал ралагьиледухъ цIа-ц1ан бачIунеб, гьезул гьира лъолеб. Гьелъ ахIула нич гьечIеб инжитлъиялде ва нилъее захIмалъула чи вичIчIизе.

Цойги гьанжесеб ратIлил дица тамашалъи гьабулеб жо: каранда ботIрол гвангвараби яги цогидалги хвалил символал рахъараб ретIел буго тIибитIун. Гьеб чIахIиязул ретIелалдасан хъурщун бачIуна лъималазул ратIлидеги, цIакъго гIисинал лъималазул ретIелалдецин. Лъимада ва жидедаго тIад ретIине гьединаб ретIел босулел гIадамазда дица гIажаиблъи



гьабула. Лъималаз жидецаго гурелъул жидеего ретIел босулеб, чIахIиязлъидал. Кин гьезда кIолеб цебе къотIараб ботIрол гвангвара яги скелет бахъараб майка лъималазул черхалда ретIине? Щай? Дица цо кибалиго цIалана хвалил знакал ругеб ретIел ретIани, гьелъ хвалде цIалин, хвел гIагар гьабулин ва гьеб ретIинабулин лъугIизаризе ругел халкъазда,- абун. Гьедин гIадамал ругьун гьарула жаназабазде, гьединаб хвалде. Гьелъул магIна буго жалго чIвалеб мехалъги гьел данде чIечIого рукIин, хвел гьеб «круто» кколарищха! Гьеле гьединаб буго хвалил пропаганда.

Унев вуго гIолилав тIубанго цебесеб рахъалда скелет бахъараб футболкаги ретIун. Щай гьес гьеб босараб, ретIараб? Хвел гурищ гьелъ цебе чIезабулеб бугеб? Гьеб бергьараб жо гIадин кколеб буго гIолеб гIелалда. ГIолеб гIелалъулъ гьединаб пикру лъугьине нилъеца биччазе бегьуларо, гьезие талихI гуро гьелъ бачIунеб. Гьезда ретIинабулеб буго хвалил символ бахъараб ретIел. Хвалил символ чияс кидаго цадахъ босулеб бугони, гьеб гьесде гIагарлъулеб букIуна. Гьедин къор гьолеб буго хасго Россиялъул гIадамазе. Гьеб абуни буго Россия биххизабиялъе лъолеб байбихьи.

**Елена Рычкова, дизайнер, Франциялда гIумро гьабулей.**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940**

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 11. 09. 20 г. 17.30 фактически -18. 00 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз.